

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK JEWOGRAFI
JENERAL****Mèkredi** 13 Jen 2012 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou pap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.


Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

Wayòm Mwayen Asiri




Sous: Susan Wise Bauer, *The History of the Ancient World*, W. W. Norton, 2007 (adapte)

- 1 Selon enfòmasyon ki sou kat jewografik sa a, nan ki rejyon Wayòm Mwayen Asiri te ye?
 - (1) sidwès Azi
 - (2) Afrik-de-Lwès
 - (3) Amerik-di-Sid
 - (4) Ewòp-de-Lwès
- 2 Wayòm Mwayen Asiri te nan yon zòn ki rele tou
 - (1) sou-kontinan
 - (2) Tè Sen
 - (3) Kwasan Fètil
 - (4) tèt lemonn

- 3 Nan etidye Nasyonzini, yon egzantp yon sous segondè ta
 - (1) ak konstitif ki kreye Nasyonzini
 - (2) yon diskou Sekretè Jeneral la te ekri pou 50yèm anivèsè Nasyonzini
 - (3) yon deskripsyon nan yon ansiklopedi premye sesyon Konsèy Sekirite Nasyonzini
 - (4) foto seremoni ouvèti nan premye Nasyonzini te ye

- 4 Yon fason moun nan wayòm Tibè ak moun Lanpi Enka yo sanble sèk yo
 - (1) te devlope pò sou lakòt
 - (2) te adapte teren ki nan montay
 - (3) te konstwi bato pou fè komès entènasyonal
 - (4) te entwodui karavàn chamo kòm premye fòm transpò yo

Sèvi ak chema kwonolojik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 lan.



Sous: *China: A Teaching Workbook*, Columbia University (adapte)

5 Dapre chema kwonolojik sa a, ki jeneralizasyon ki kapab jwenn plis sipò nan enfòmasyon ki prezante yo?

- (1) An ane 1500, Chinwa yo t ap enpòte teknoloji oksidantal.
- (2) Izolasyon lan te anpeche Chinwa yo devlope nouvo envansyon.
- (3) Chinwa yo te pwoteje envansyon yo avèk siksè kont espyon peyi oksidantal yo.
- (4) Anvan ane 1500, teknoloji Chinwa yo te depase teknoloji peyi oksidantal yo.

6 Ki yon fason animism, Chentoyism, ak Dawoyism sanble?

- (1) enpòtans sou amoni avèk lanati
- (2) sistèm kwayans nan yon sèl dye
- (3) kwayans nan lide nivana
- (4) depandans sou ansèyman Veda

7 Yon wòl peyi Kore te jwe nan devlopman Azi-de-Lès se te

- (1) pwoteje Lachin kont yon envazyon Japon toutolon fwontyè lwès Lachin
- (2) anpeche Japon gen kontwòl zile Azi-di-Sid yo
- (3) alye tèt li avèk Vyetnamyen yo pran kontwòl Lachin
- (4) transmèt lide kiltirèl ant Lachin ak Japon

8 Ki zòn Mongòl yo te pran ak ajoute nan lanpi yo?

- (1) Lachin, Lawisi, ak Iran
- (2) Aksòm, Zimbabwe, ak Afrik-de-Lwès
- (3) Lespay, Lafrans, ak Ejip
- (4) Japon, Lend, ak Ewòp-de-Lès

9 Kisa ki te yon rezilta Revolisyon Komèsyal la nan Ewòp?

- (1) diminye nan dimansyon klas mwayèn nan
- (2) agrandisman sistèm manwa a
- (3) devlopman enstitisyon finansyè yo
- (4) plis itilizasyon sistèm twòk la

10 Ki faktè ki te pèmèt peyi Mali te vin yon wayòm rich?

- (1) aplikasyon politik mèkantilis
- (2) alyans avèk Lig Anseyatik
- (3) kontwòl wout komèsyal Meditèrane yo
- (4) dominasyon komès lò ak sèl

11 Pandan 14yèm syèk la, Lapès Nwa te vin yon epidemi ki t ap simaye sitou akòz

- (1) komès la ki te rekòmanse
- (2) eksplorasyon Chinwa yo nan peyi etranje
- (3) politik kolonyal ewopeyen
- (4) nouvo pratik agrikòl yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 ak 13.

...Apa sent yo, fanm otè bizanten yo te dekri avèk pi plis detay yo se enperatris ak aristokrat. Menmsi fanm sa yo te gen yon sèten kantite libète, yo te bay yo anpil lonè nan menm prensip avèk fanm mwayen ki nan sosyete bizanten an: modesti, pyete, ak metriz pèsònèl se te patikilarite yon fanm ideyal. Pou konsève modesti yo, jèn fanm ki pa t marye yo te sòti raman deyò nan piblik, epi jèn fanm selibatè ki pa t ap travay deyò lakay yo te rete lakay yo sèlman pou rezon espesyal, tankou pou ale nan mache, pou ale legliz, oswa pou al benyen. Nan mitan peryòd bizanten an, yo te panse fanm yo te dwe kouvri tèt yo lè yo te sòti deyò...

— Molly Fulghum Heintz, "Work," in *Ioli Kalavrezou, Byzantine Women and Their World*, Harvard University Art Museums, 2003 (adapte)

12 Ki tèm primè pasaj sa a?

- (1) mobilite (3) valè kiltirèl
(2) enterè ekonomik (4) dwa natirèl

13 Ki deklarasyon sou sosyete bizanten an ki pi byen sipòte nan pasaj sa a?

- (1) Enperatris yo ak aristokrat yo te pi enpòtan pase sent yo.
(2) Tout fanm yo gen obligasyon pou respekte prensip ki sanble yo.
(3) Pifò fanm yo te gen travay deyò lakay yo.
(4) Yo te ankouraje jèn fanm selibatè yo pou yo endepandan.

14 Ki faktè ki te kontribiyè nan divès kiltirèl Lanpi Otoman?

- (1) sistèm legal ki baze sou Koran
(2) pozisyon santral ki deplwaye sou Ewòp, Afrik, ak Azi
(3) alyans avèk Ris yo ak Hapsbou yo
(4) depandan sou koloni ki nan Amerik yo

Sèvi ak deklarasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

Oratè A: Pi gwo pwoblèm avèk Legliz Katolik Women se pratik lavant endiljans yo. Sèl fason pou Kretyen yo resevwa lesali se nan lafwa yo sèlman.

Oratè B: Si Kretyen yo vle sove, yo ta dwe fè bon aksyon, epi mande pou yo jwenn padon pou peche yo. Lè yo bay Kretyen yo endiljans sa pèmèt yo jwenn eskiz pou peche yo.

Oratè C: Se vrè Labib, pa manm klèje a, se dènye sous laverite sou relijyon. Men, Bondye te deside deja kimoun k ap sove ak kimoun ki p ap sove.

Oratè D: Paske Lepap pa dakò avèk pwendvi mwen, mwen deside separe avèk Legliz Katolik Women. Kounye a non sèlman mwen alatèt Anglè yo, men tou mwen alatèt Legliz Anglikàn.

15 Ki oratè ki imite lide Martin Luther pi plis?

- (1) A (3) C
(2) B (4) D

16 Ki oratè ki pi byen sipòte lide pre-destinasyon John Calvin te anseye a?

- (1) A (3) C
(2) B (4) D

17 Nan fen ane 1400 yo ak nan kòmansman ane 1500 yo, kisa ki te yon rezon prensipal pou vwayaj eksplorasyon ewopeyen yo?


- (1) entwodiksyon lide Syèk Limyè
(2) dezi pou kontwole Konstantinòp
(3) endistriyalizasyon rapid
(4) bezwen pou lòt wout komèsyal

- 18 Yon etid sou reyalizasyon kilti mezo-ameriken pre-kolonbyen yo ta montre yo
- (1) te sipòte gwo popilasyon yo avèk anpil agrikilti
 - (2) te angaje nan yon gwo eksplorasyon Oseyan Pasifik
 - (3) te konstwi veyikil ki gen wou pou pote machandiz
 - (4) te devlope papye-diri ak gravi sou bwa
- Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.
- ...Answit, apre dènye batay la, yo te pè cheval ak revòlvè, yo te pè epe ak abalèt ak bon goumen nou an. Apre tout bagay, se te gwo pitye Bondye, Ki te ban nou fòs pou kontinye....
- Bernal Díaz del Castillo, *The Bernal Díaz Chronicles*, Doubleday & Company
- 19 Nan pasaj sa a sou yon konfli nan peyi Meksik, pou kimoun yo te ekspriye pwendvi a?
- (1) gèrye aztèk
 - (2) konkeran panyòl
 - (3) eksploratè pòtigè
 - (4) lanperè enka
- 20 Dapre otè sa a, ki faktè ki te enfliyanse rezilta konfli a?
- (1) efikasite ak edikasyon
 - (2) klima ak maladi
 - (3) tribi ak tradisyon
 - (4) teknoloji ak laperèz
-
- 21 Kisa ki te yon konsekans revolisyon Amerik Latin yo nan 19yèm syèk la?
- (1) Demokrasi te vin sistèm politik dominan nan Amerik Latin nan.
 - (2) Kolonyalis ewopeyen te ranplase gouvènman endepandan Amerik Latin yo.
 - (3) Anpil peyi Amerik Latin yo te pran endepandans yo.
 - (4) Peyi ki nan Amerik Latin yo te depòte pifò pèp ki te gen zansèt ewopeyen.
- 22 Galileo Galilei ak Sir Issac Newton te pi asosye avèk
- (1) kòmansman refòm relijye yo
 - (2) dirije revolisyon politik yo
 - (3) fè eksperyans ankèt
 - (4) angaje nan konkèt etranje

- 23 Yo konnen Maximilien Robespierre ak Jakoben yo pi byen poutèt yo
- (1) kreye Rèy Laterè
 - (2) te pwoteje libète relijyon
 - (3) te sipòte rèy Wa Louis XVI
 - (4) yo te voye twoup fransè batay nan Revolisyon Ameriken an
- 24 Inifikasyon Itali ak inifikasyon Almay montre
- (1) sosyalis se te yon fason ki efikas pou òganize ekonomi an
 - (2) yo te ka itilize nasyonalis la pou gwoupe enterè politik yo
 - (3) yo te ka itilize kolonyalis la pou simaye sivilizasyon ewopeyen an
 - (4) entèdepans se te yon gwo pwoblèm pou fè lagè
- 25 Pandan Revolisyon Endistriyèl la, ki devlopman ki te sòti nan twa (3) lòt yo?
- (1) Kondisyon faktori yo te afekte sante moun yo.
 - (2) Yo te fòme sendika yo.
 - (3) Travayè ki pa t kalifye yo te resevwa ti salè.
 - (4) Machinri yo te ranplase travayè yo.
- 26 Ki ekspresyon ki pi byen reprezante teyori kapitalis lese-fè?
- (1) biznis k ap opere avèk ti règleman gouvènman
 - (2) leta ki kreye kota pwodiksyon
 - (3) komite santral planifikasyon ki fikse pri sou machandiz yo
 - (4) desizyon ki asosye avèk distribisyon ki baze sou tradisyon kominote
- 27 Dapre Thomas Malthus, to ogmantasyon pou popilasyon moun anrapò avèk to ogmantasyon pou pwodiksyon manje se te yon pwoblèm. Malthus te kwè
- (1) devlopman endistriyèl la te limite kwasans popilasyon an yon fason ki grav
 - (2) grangou ak lagè se te restriksyon natirèl sou kwasans popilasyon an
 - (3) peyi ki te gen pi gwo popilasyon yo ta pran kontwòl peyi ki te gen pi piti popilasyon yo
 - (4) pwodiksyon manje ta ogmante nan yon ritm ki pi rapid pase ritm popilasyon an ta ogmante

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28.

Lachin, 1895–1914



Sous: Historical Maps on File (adapte)

28 Ki premye objektif kat jewografik sa a?

- (1) dansite popilasyon
- (2) distribisyon resous
- (3) enperyalis
- (4) ibanizasyon

29 Yon gouvènman ki pa konpetan, masak nan Dimanch Sanglan, ak gwo depans Premye Gè Mondyal la se te kòz

- (1) Revolisyon Meksiken
- (2) Rebelyon Bokse
- (3) Mitinri Sepòy
- (4) Revolisyon Ris

30 Ki refòm ki te pi asosye avèk dirijan tik Kemal Atatürk?

- (1) aplikasyon lwa Sharia
- (2) introduction of Arabic script
- (3) kreyasyon yon gouvènman kominis
- (4) adopsyon kilti peyi oksidantal yo

Sèvi ak imaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

KONTRIBİYAB KI SIPÒTE FANMI YO



POU KI PA ELEKTÈ?

Sous: *Common Cause*, January 5, 1911 (adapte)

31 Selon imaj sa a, fanm yo merite jwenn dwa pou yo vote paske

- (1) yo bay kontribisyon yo pou sosyete a nan anpil fason
- (2) yo kapab sèlman jwenn djòb nan endistri si yo kapab vote
- (3) fanm yo sèlman konprann kisa ki genyen nan edike timoun
- (4) san dwa pou vote, yo pa kapab fè fanm yo peye taks

32 Ki dirijan ki asosye avèk dezobeyisans sivil Mach Sèl la?

- | | |
|-------------------|---------------------|
| (1) Kwame Nkrumah | (3) Mohandas Gandhi |
| (2) Jomo Kenyatta | (4) Ho Chi Minh |

33 Ki sekans evènman ki nan lòd kwonoloji kòrèk la?

- (1) monte Nazis → Trete Vèsay → envazyon Almay nan Inyon Sovyetik
- (2) Trete Vèsay → monte Nazis → envazyon Almay na Inyon Sovyetik
- (3) envazyon Almay nan Inyon Sovyetik → monte Nazis → Trete Vèsay
- (4) Trete Vèsay → envazyon Almay nan Inyon Sovyetik → monte Nazis

34 Nan ki peyi Mao Zedong ak kèk sivivan Mach Long te parèt kòm dirijan prensipal?

- | | |
|-------------|---------------|
| (1) Angola | (3) Lachin |
| (2) Kanbòdj | (4) Nikaragwa |

Sèvi ak ekstrè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 lan.


... Tout mwayen sa a pèp nenpòt peyi gen dwa pou jwenn, epi ta dwe gen pouvwa nan aksyon konstitisyonèl, nan eleksyon libelibè [san restriksyon], avèk vòt sekre, pou chwazi oswa pou chanje pèsonaj oswa fòm gouvènman kote yo abite; libète sa a pou lapawòl ak pou di sa yo panse ta dwe domine; tribinal lajistis, endepandan avèk egzekutif la, san patipri okenn moun, ta dwe administre lwa ki te resevwa gwo konsantman gwo majorite yo, oswa tan ak koutim ta dwe aplike lwa sa yo. Men kèk tit konstitif libète ki ta dwe ekspoze nan chak kay bwa. Men mesaj pèp britanik lan ak pèp ameriken an pou limanite. An nou preche sa nou pratike — an nou pratike sa nou preche a. ...

— Winston Churchill, *Sinews of Peace* (the Iron Curtain speech), March 5, 1946

35 Nan ekstrè sa a, Winston Churchill fè konnen moun yon peyi gen dwa pou

- (1) pwosperite ekonomik
- (2) sekirite kolektif
- (3) oto-detèminasyon
- (4) libète relijyon

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 la.



Sous: *Guide to the Essentials of World History*, Prentice Hall, 2003 (adapte)

- 36 Ki politik ki se objektif dyagram sa a?
- (1) apated (3) apezman
(2) izolasyonis (4) netralite
-
- 37 Yon fason Revolisyon Chinwa a (1945–1949) ak Revolisyon Kineb an (1956–1959) sanble sèke dirijan toulède revolisyon yo
- (1) te adopte lide kapitalis yo
(2) te rejte devlopman endistriyèl la
(3) te itilize metòd pasifik pou reyalize objektif yo
(4) depannde sipò peyizan yo
- 38 Ki deklarasyon sou Cha Reza Pahlavi ak sou Revolisyon Iranyen an ki se yon pwendvi alapas yon reyalitye?
- (1) Cha Reza Pahlavi te jwenn sipò pi gwo pouvwa peyi oksidantal yo.
(2) Manm klèje islamik lan te kont Cha Reza Pahlavi.
(3) Kòz primè pou revolisyon an se te egzil pou moun ki t ap kritike Cha Reza Pahlavi.
(4) Sipòtè Ayatola Ruhollah Khomeini te kapote Cha Reza Pahlavi.

Sèvi ak powèm ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 39.

Nan Teritwa Trankil la

(otè: Daw Aung San Suu Kyi)

Nan Teritwa Trankil, pèsòn pa kapab di
si gen yon moun k ap koute
pou sekre yo kapab vann yo.
Enfòmètè yo touche lajan nan san tè a,
epi pèsòn moun pa menm pale sou sa tiran yo p ap sipòtè.

Nan teritwa trankil Burma,
pèsòn moun pa ri, epi pa gen moun ki reflechi awotwaw.
Nan teritwa trankil Burma,
ou kapab tandè li nan silans foul moun yo....

- 39 Otè a itilize powèm sa a pou kondane
- (1) opresyon an (3) non-vyolans lan
(2) analfabetis la (4) kont espansyon
-

- 40 Nan fen ane 1970 yo nan peyi Lachin, kantite moun k ap ogmante nan popilasyon an te enfliyanse desizyon gouvènman an pou
- (1) ankouraje pèp la al viv nan lòt peyi
(2) fòse fanmi yo travay nan komin yo
(3) angaje nan lagè pou vin gen teritwa
(4) kreye politik yon sèl pitit
- 41 Pandan Gè-Fwad la, ki evènman ki te fèt an dènye?
- (1) Kriz misil kibèn
(2) destwiksyon Miray Bèlèn
(3) pon ayeryen Bèlèn
(4) Inyon Sovyetik te lanse *Sputnik*

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 42.



Sous: Mountain High Maps, Digital Wisdom (adapte)

42 Kisa zòn ki fonse a reprezante nan kat jewografik sa a?

- (1) ansyen repiblik Inyon Sovyetik yo
- (2) manm ki la kounye a nan Inyon Ewopeyen
- (3) peyi manm orijinal Pak Vasovi
- (4) dènnye peyi yo ajoute nan Òganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl (OPEC)

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.

...Ogmantasyon kominikasyon te vle di lemond te konekte pi plis, epi li te vin “plat,” nan fòmilyasyon selèb Thomas Friedman. Apèl nan telefòn ki pa chè ak kominikasyon nan bann laj te fè li posib pou moun fè djòb pou yon peyi nan yon lòt peyi—pou make pwochen etap la nan istwa kapitalis la k ap vanse. Lè te vin gen gwo bato yo nan kenzyèm syèk la, machandiz yo te vin mobil. Avèk operasyon labank modèn nan disetyèm syèk la, kapital yo te vin mobil. Nan ane 1990 yo, travay te vin mobil. Moun yo pa t gen obligasyon pou ale kote ki te gen djòb yo, men djòb yo te kapab ale kote moun yo te ye. Epi yo djòb yo te ale pou pwogramè ki nan peyi Lend, pou operatè telefòn ki nan peyi Filipin, ak pou radyològ ki nan peyi Taylann. Depans pou transpò machandiz ak sèvis te bese pandan kèk syèk. Avèk kominikasyon an bann ki te parèt [vini], li te bese a zewo pou anpil sèvis. Yo pa kapab sou-trete tout djòb yo—non sèlman owaza—men tou yo kapab santi konsekans sou-tretans lan tout kote....

— Fareed Zakaria, *The Post-American World*,
W. W. Norton & Company, 2008

43 Ki konklizyon sou ekonomi mondyal ki pi byen sipòte nan pasaj 2008 sa a?

- (1) Mache travay la nan Azi depannde travay timoun.
- (2) Teknoloji te diminye depans pou fè biznis.
- (3) Kapitalis pa t satisfè bezwen klas travayè a.
- (4) Globalizasyon kreye mwens kantite djòb.

44 Yon fason vil-eta antik Atèn ak Lanpi Gupta sanble sèke toulède

- (1) te pèmèt sifraj inivèsèl
- (2) te devlope sosyete matriyikal
- (3) te ankouraje boza ak literati
- (4) te kreye agrikilti plantasyon

45 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. _____
- A. Devlopman yon resous alimentantè
 - B. Kreyasyon vilaj pemanan
 - C. Devlopman sistèm ekriti ak relijyon

- (1) Efè Migrasyon Pèp yo
- (2) Rezilta Revolisyon Neyolitik la
- (3) Reyalizasyon yo Pandan Feyodalis la
- (4) Kò Revolisyon Vèt la nan Agrikilti

46 Kòd Hammurabi pou Babilòn ak Kòd Jistinyen pou Lanpi Bizanten te sèvi fonksyon ki sanble ak

- (1) Zigoura Simeryen yo
- (2) estoupa Boudis
- (3) yewoglifik Maya
- (4) Douz (12) Tab Women yo

47 Nan peyi Angletè, prensip kle Magna Kata te enpòtan pou devlopman ak kwasans

- (1) demokrasi
- (2) teyokrasi
- (3) absolutis
- (4) kominis

48 Kèk akeyològ kwè prezans premye imen nan Amerik yo asosye avèk


- (1) migrasyon nomad yo palòtbò Detwa Bering
- (2) eksplorasyon lanmè Antiy yo Ewopeyen yo te fè
- (3) mouvman tribi yo pandan migrasyon Bantou yo
- (4) vwayaj komèsan yo toutolon Wout Swa yo

49 Nan kòmansman ane 1930 yo, anpil milyon Ikrenyen te mouri akòz

- (1) entifada
- (2) transparans
- (3) yon grangou fòse
- (4) lagè tranche

Sèvi ak graf ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 lan.

Konpozisyon Afganistan



Sous: *The World Factbook*, November 30, 2009 (adapte)

50 Ki jeneralizasyon ki kapab pi byen sipòte itilizasyon enfòmasyon ki nan graf sa yo?

- (1) Konfli ant gwoup relijye yo nan Afganistan te divize peyi a.
- (2) Peyi oksidantal yo te gen yon gwo enfluyans sou konpozisyon kiltirèl Afganistan.
- (3) Lang natifnatal yo nan Afganistan se Tik.
- (4) Divèsite parèt aklè nan Afganistan.

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Jewografi Imen ak Jewografi Fizik

Pandan tout listwa, karakteristik jewografik te enfluyanse devlopman sivilizasyon yo ak rejyon yo. Karakteristik jewografik te ankouraje ak limite komunikasyon avèk lòt sivilizasyon yo ak rejyon yo.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** karakteristik jewografik diferan, epi pou yo **chak**

- Diskite sou fason karakteristik jewografik sa a te enfluyanse devlopman yon sivilizasyon oswa yon rejyon espesifik
- Diskite sou fason karakteristik jewografik sa a te ankouraje **epi/oswa** limite komunikasyon sivilizasyon oswa rejyon sa a avèk *yon lòt* sivilizasyon oswa rejyon

Ou ka itilize nenpòt karakteristik jewografik nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere: Rivyè Nil, Oseyan Atlantik, Imalaya, Dezè Sahara, Grab Plèn Nò, pozisyon Japon, Lanmè Meditèrane, estèp ris yo, forè twopikal imid brezilyen, ak mouson Oseyan Endyen.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Nan repons ou, pa itilize yon karakteristik jewografik espesifik ki nan Etazini.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, dirijan otokratik yo te egzèse otorite sou peyi yo ak sou lavi pèp yo. Aksyon dirijan otokratik yo te ede peyi yo ak pèp yo. Epi tou aksyon dirijan sa yo te fè peyi yo ak pèp yo soufri. Men kèk egzanp dirijan: *Lanperè Shi Huangdi*, *Za Peter the Great*, ak *Wa Louis XIV*.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* (2) dirijan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri aksyon dirijan an te pran ki montre moun sa a se te yon otokrat
- Diskite sou limit itilizasyon pouvwa otokratik dirijan an t ede peyi li oswa pèp li *epi/oswa* te fè peyi li oswa pèp li soufri

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri vle di “ilistre yon gaya an mo oswa di kichòy sou li”
- diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”


Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ou ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Kèk Karakteristik yon Otokrat



1 Dapre karakteristik yo bay nan dokiman sa a, ki objektif *jeneral* yon otokrat? [1]

Score

Dokiman 2

Shi Huangdi, premye lanperè dinasti Qin, te itilize lagè pou febli sis (6) nan sèt (7) eta ki t ap fè lagè yo. Efò li te fè pou inifye Lachin te pèmèt li fè pouvwa li vin pi fò.

... Qin [anba Shi Huangdi] te fè anpil chanjman ki te la pou inifye Lachin ak ede nan travay administratif yo. Toudabò, Qin te mete anplas yon fòm gouvènman legalis, ki te reprezante fason yo te gouvène ansyen teritwa Qin. Zòn nan te divize an 36 kòmandri ki te sou-divize an konte. Kòmandri sa yo gen yon gouvènè sivil, yon kòmandan militè, ak yon enspektè enperyal. Dirijan kòmandri yo te gen pou bay Lanperè a rapò alekri. Fòm gouvènman legalis la te gen ladan rekonpans ak pinisyon pou te ka toujou gen lòd. Epitou, leta te gen kontwòl total sou pèp la, epi ansyen lanoblès te pèdi tout pouvwa yo. Yo te retire lanoblès lakay yo pou mennen yo nan kapital la. Yo te fòme gwoup inite senk (5) a dis (10) fanmi, ki te gen yon gwo responsablite pou move zak nenpòt moun ki nan gwoup la...

Sous: "Qin Dynasty," EMuseum, Minnesota State University at Mankato

2 Dapre dokiman EMuseum sa a, ki **de (2)** fason Qin te eseye pran kontwòl Lachin anba Shi Huangdi? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 3a

... Refòm ki pi enpòtan li [Shi Huangdi] yo se te pou nòmalize eskrip [ekriti] chinwa, pwa ak mezi epi menm longè aks charèt yon fason pou chak charèt te ka woule san pwoblèm nan ònyè yo. Yon nouvo rezo wout ak kannal long te amelyore komès ak mouvman twoup yo ant pwovens yo....

Sous: "The Emperor with an ego big enough for all time," *Timesonline*

3a Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** fason aksyon Shi Huangdi yo te ede Lachin? [1]

Score

Dokiman 3b

Li Si se te yon gwo sipòtè legalis, epi li te sèvi kòm Gran Konseye pou Lanperè Shi Huangdi. Nan pasaj sa a, Li Si bay repons pou yon elèv ki te konteste mouvman Lanperè lwen valè tradisyonèl yo.

... "Mwen pwopoze avèk imilite pou yo boule tout dosye istorik yo, sof pa Chin [Qin] yo. Si yon moun ki pa yon otorite tribinal eseye konsève chante antik, dosye oswa ekriti istorik santèn lekòl yo, gouvènè pwovens lan ak kòmandan fòs lame a ta dwe sezi ak boule yo. Si moun ki nan konvèsasyon eseye site ansyen chante ak dosye yo, yo ta dwe egzekite moun sa yo an piblik; si gen moun ki itilize ansyen sa ki la anvan yo [egzanp] pou konteste nouvo lòd la, yo ta dwe touye fanmi moun sa yo; epitou si yon ofisye konnen ka sa yo epi li pa rapòte yo, yo ta dwe pini ofisye sa a nan menm fason an.

"Si trant (30) jou apre piblikasyon lòd sa a, pwopriyetè liv sa yo pa t toujou fè detwi yo, yo ta dwe mete tatou nan figi pwopriyetè sa yo, epitou yo ta dwe jwenn kondanasyon pou travay fòse nan Gran Miray. Sèl liv yo pa dwe detwi se liv ki konsève lamedsin, divinasyon, ak agrikilti. Moun ki vle etidye dwa kapab aprann li nan men ofisye yo." Lanperè te bay sanksyon pou pwopozisyon sa a....

Sous: Szuma Chien, *Records of the Historian*, The Commercial Press

3b Dapre pwopozisyon Li Si, kisa ki te **yon** fason Shi Huangdi te ka kontwole pèp Lachin nan? [1]

Score

Dokiman 4

...Nan dat 8 out 1700, Peter te pran desizyon istorik li pou deklare lagè kont Lasyèd, pou li te kapab louvri yon wout* ant Lawisi ak Lwès avèk kontwòl litoral baltik la [rejyon lakòt]. Li te jwenn kolaborasyon Lapolòy ak Dànmak, men alyans li avèk de (2) rival Lasyèd sa yo te pwouve li pa efikas. Avèk anyen pou konte sou li, men avèk pwòp fòs li yo, Peter te jwenn defèt li nan Narva akòz kouraj Wa Syedwa a, Charles XII. Peter te refize dekouraje akòz defèt sa a. Li te kanpe ak ekipe nouvo fòs lame; li te fè gwo efò pou kreye yon bon atilri; li te travay avèk pwòp men li nan konstwiksyon fregat [bato] ki te dwe pèmèt li metrize Baltik la. Answit, rejiman disipline ak byen antrene li yo te sezi anbouchi Neva [Rivyè], epi yo te pran pozisyon poukont yo toutolon litoral yo te vle [dezire] a. Nan dat 27 jen 1709, nan yon batay ki t ap fèt nan Poltava, li te fè gwo advèsè li, Charles XII, sove ale....

Sous: Constantine de Grunwald, "A Window on the West," in Christopher Hibbert, ed., *The Pen and the Sword*, Newsweek Books (adapte)

*wout: yon kote ki mwen fèmen pase yon pò kote bato yo ka ale nan o pò a

4a Dapre Constantine de Grunwald, kisa Peter the Great te swete reyalize avèk lagè li nan Lasyèd? [1]

Score

b Dapre Constantine de Grunwald, ki **yon** mezi Peter the Great te pran pou metrize defèt li nan Narva? [1]

Score

Dokiman 5

...Nan ane 1722, kreyasyon Tablo Grad yo te mennen nan konklizyon lojik li yon pwosesis ki t ap evolye pandan twa (3) syèk. Li te enpoze sèvis leta obligatwa avi sou tout grad lanoblès la. Li te kreye katòz (14) grad ekivalan nan sèvis militè, sèvis naval ak sèvis sivil, epitou li te egzije pou menm prens ki pifò fanmi nivo siperyè ta dwe kòmanse nan pi piti grad la, epitou yo ta dwe pran grad yo poukont yo. Tablo Grad yo te ofri privilèj lanoblès pou nenpòt moun ki te fè sèvis leta, epi Tablo Grad yo te fè sèvis nan eta a vin baz prensipal pou jwenn privilèj...

Sous: Peter Brock Putnam, *Peter, The Revolutionary Tsar*, Harper & Row, Publishers

5 Dapre Peter Brock Putnam, nan ki fason entwodiksyon Tablo Grad yo eseye redui enfliyans ansyen aristokrasi a? [1]

Score

Dokiman 6

...Kijan yon efè Peter te gen sou Lawisi te enpòtan? Lè li te vini sou twòn nan, Lawisi se te yon eta ki pa t gen enpòtans. Li te fè li vin yon gwo pouvwa tout moun te fè. Lè li te monte [sipozisyon twòn], Lawisi pa t gen fòs lame, sof pou Streltsy [inite militè ereditè] ki pa t efikas epi ki pa t fyab. Lè li te mouri, te gen yon fòs lame pwofesyonèl 210,000 gason. Li te kreye yon lamarin sou anyen, pou kite dèyè li yon flòt karant-uit bato liy ak anpil pi piti bato....

Nan yon fason aklè [yon fason ki vizib], Peter pa t kreye gwo klas mwayèn pwospè Lawisi te bezwen an. Alaplas efè ki pi difisil, komès ak endistri Lawisi te rete depannde Za a, yon fason pou lè li te mouri, pa t gen ase richès, komèsan ak endistriyalis avize pou devlope sa li te kòmanse a. Mank pwogram ak antrepriz prive sa a te dwe rete youn nan pi gwo feblès sosyal Lawisi jouk nan Revolisyon Kominis ane 1917 la....

Sous: Michael Gibson, *Peter the Great*, Wayland Publishers

6 Dapre Michael Gibson, ki **de (2)** efè dominasyon Peter the Great te genyen sou Lawisi? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

Fason Louis te Kenbe Nò yo nan Lòd

...Li ta ka amizan pou nòb yo obeyi wa a, Louis te bati yon bèl nouvo palè wayal nan Vèsay, toupri Pari, kote li te kreye lakou ki pi ekselan yo pa t janm konnen nan Ewòp. Nòb ki te gen plis enfliyans yo te jwenn ankourajman, epi yo te menm pase yo lòd pou kite chato yo ki nan peyi a, kote pi bon lavi a te monotòn, epi pou vini ak viv avèk wa a nan Vèsay. Isit la, wa a te bay anpil amizman pou yo, epi isit la li te kapab kontwole yo. Nòb yo pa t kapab pa byen koutwa ase oswa yo pa t kapab dezobeyi wa pandan yo t ap viv nan kay li, ak manje sou tab li. Prèske san yo pa t konnen sa, envite nòb Louis yo te vin gen abitud eseye fè wa a plezi. Yo te imite mannyè wa a, yo te repete pawòl li yo. Yo tout te souri lè wa a te souri, yo tout te tris lè wa a te tris, “yo tout te sensè lè wa a te sensè, epi yo tout te regrèt yo pa t malad lè wa a te malad.” Si yon nòb ki nan lakou a pa t fè wa a plezi, yo te voye li retounen nan peyi a pou viv kay pa li, kote nan ka sa a, tout moun te santi—li te fè twòp—pou li te nan pwofon disgras...

Sous: Carl L. Becker, *Modern History*, Silver, Burdett and Company

7 Dapre Carl Becker, ki **yon** fason Louis XIV te eseye kontwole lanoblès? [1]

Score

Dokiman 8

... Ofi-amezi, Louis te eseye enpoze inifòmite nan zafè relijye yo. Nan ane 1680 yo, li te pèsekite Pwotestan yo pi plis; aksyon li yo te fè dekrè a [Nantes] vin anyen, men yon ti mòso papyè. Finalman, nan ane 1685, li te deklare pifò Pwotestan Fransè yo te konvèti nan Katolis, epi poutèt sa pa t gen nesosite pou dekrè a. Lite anile dekrè a.

Kounye a Louis te lanse yon rèy laterè. Li te refize kite Pwotestan Fransè yo kite peyi a. Li te pwomèt moun ki te rete te kapab pratike relijyon yo, san pèsekisyon, men li pa t janm kenbe pwomès la. Yo te kraze legliz yo, te gen entèdiksyon pou rasanbleman yo, pitit yo te dwe patisipe nan lamès. Yo te masakre Vodwa ki te nan Savoy yo, epi yo te egzekite sis san (600) Pwotestan “yo te kenbe k ap fè asanble”. Pètèt de-san senkant mil (250,000) te sove ale nan peyi etranje pou retire kò yo nan pèsekisyon an...

Sous: Milton Meltzer, *Ten Kings and the Worlds They Ruled*, Orchard Books

8 Dapre Milton Meltzer, ki **yon** aksyon Louis XIV te pran pou eseye kontwole Pwotestan yo nan peyi Lafrans? [1]

Score

Dokiman 9

Nan ekstrè sa a, Barbara Tuchman fè kòmantè sou konsekans politik Louis XIV kont Igeno yo.

...Dènye etid yo [entèlekyèl ane 1960 yo ak ane 1970 yo] montre estimasyon domaj ekonomik emigrasyon Igeno [Pwotestan Fransè yo] te fè nan Lafrans te twòp, li reprezante yon sèl eleman nan pi gwo domaj lagè yo te lakòz. Men, sou domaj politik, pa gen kesyon. Anpil ak yon pakèt bwochi ak sati anti-fransè enprimè Igeno yo te pibliye, epi zanmi yo ki te nan tout vil kote yo t ap viv te ankouraje lahèn konte Lafrans nan nouvo chalè sa a. Kowalisyon Pwotestan yo kont Lafrans te jwenn jarèt lè Brandenburg te antre nan alyans avèk Holland, ak lè pi piti prensipote alman yo te antre nan kowalisyon an. Nan Lafrans sèlman, lafwa Pwotestan yo te vin gen plis fòs akòz pèsekisyon an, epi konfli avèk Katolik yo te rekòmanse. Yon revòlt pwolonje Igeno Camisard ki nan Cévennes, yon zòn ki gen montay nan sid, te lakòz yon lagè represyon mechan, sa ki te fè leta fin fèb. Isit la ak pami lòt kominote Igeno ki te rete nan Lafrans, yo te kreye yon baz resepsyon pou pwochen Revolisyon an....

Sous: Barbara W. Tuchman, *The March of Folly: From Troy to Vietnam*, Alfred A. Knopf, 1984

9 Dapre Barbara Tuchman, kisa ki te **yon** konsekans politik Louis XIV kont Igeno yo? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, dirijan otokratik yo te egzèse otorite sou peyi yo ak sou lavi pèp yo. Aksyon dirijan otokratik yo te ede peyi yo ak pèp yo. Epi tou aksyon dirijan sa yo te fè peyi yo ak pèp yo soufri. Men kèk egzanzp dirijan: *Lanperè Shi Huangdi, Za Peter the Great, ak Wa Louis XIV.*

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* dirijan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri aksyon dirijan an te pran ki montre moun sa a se te yon otokrat
- Diskite sou limit itilizasyon pouvwa otokratik dirijan an t ede peyi li oswa pèp li *epi/oswa* te fè peyi li oswa pèp li soufri

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

